

Budipekerti ing Ringgit Purwa

Afendy Widayat, UNY *)

Ing irah-irahan ing nginggil menika wonten kalih prekawis ingkang kedah karembag, inggih menika babagan budipekerti kaliyan bab ringgit purwa. Kekalihipun menika wau nggadhahi cakupan ingkang wiyar sanget. Ingkang saking menika ing ngandhap menika kula aturaken sakeplasan kemawon, ingkang gegayutan kaliyan pok-poking irah-irahan ing nginggil.

Budipekerti

Ing prekawis budipekerti, saperangan sarjana nelakaken bilih tembung menika kedadosan saking tembung budi lan pekerti. Tembung budi nggadahi teges akal, pikiran, ingkang pinangka nggayuh, lsp (Poerwadarminta, 1939: 51), dados magepokan kaliyan olah penggalihan, raos-pangraos, utawi pikiran lan manah. Wondene tembung pekerti mengku teges padamel, padamelan, utawi watak (Ibid., 1939: 458), utawi magepokan kaliyan etika-etiket, bab solahbawa muna-muni. Dados budipekerti menika mengku teges lair tuwin batos, utawi watak-wantuning tiyang ingkang kawistara lan kawahya wonten ing gesangipun ing sawanci-wanci lan ing sadhengah panggenan.

Ringgit Purwa

Ringgit purwa inggih menika jinising seni drama Jawi (ringgit tiyang, ringgit golek, ringgit wacual, ringgit suket, lsp.) ingkang mliginipun mengku cariyos saking babon cariyos *Ramayana* tuwin *Mahabharata* saking India ingkang sampun kalarasaken kaliyan tata-cara adat lan karakteripun bangsa Jawi. Liripun, cariyos-cariyos asli ingkang boten trep kaliyan karakter Jawi lajeng sampun kaewahan lan kawewahan. Ing Jawi, saking babon cariyos ing nginggil lajeng kababar dados cariyos warni-warni, lan ugi kaginakaken kangge babon ringgit wonten ing papan-papan tartamtu, mliginipun cakrik Surakarta lan Ngayogyakarta. Mila lajeng wonten Serat *Pustaka Raja Purwa* (Surakarta), *Serat Purwakandha* (Ngayogyakarta), *Serat Lokapala*, *Serat Pakem Ringgit Purwa*, lsp.

*) Presentasi ing PKG Gugus I Sanden Bantul, Tanggal 23 Februari 2008

Katitik saking wujud seratanipun, serat-serat babon wau saged arupi roman panjang (*Pustaka Raja Purwa*, *Purwakandha*, *Lokapala*, lsp.), lan saged arupi pethilan (pakem pakeliran jangkep, pakem pakeliran balungan, crita cekak, lsp.). Sinaosa kathah lan warni-warni wujudipun, namung sedaya wau ing suraos sami-sami mengku karakteristik Jawi. Pramila magepokan kaliyan budipekertinipun ugi sami-sami mahyakaken karakteristik Jawi.

Saking cariyos-cariyos ing ringgit purwa, ugi lajeng kababar serat-serat pethilan ingkang ngewrat bab budipekerti, ing antawisipun *Serat Asthabrata* ingkang ngewrat watak wantunipun para dewa cacah wolu utawi alam wewolu ingkang pinangka tuntunan tumrap manungsa mliginipun tumrap ratu; *Serat Tripama* ingkang ngewrat paraga cacah tiga ing cariyos ringgit purwa ingkang saged kangge patuladhan, inggih menika Patih Suwanda, Adipati Karna lan Kumbakarna.

Tatacaraning ringgit Purwa mahyakaken Budipekerti

Wonten sawetawis cara ing ringgit purwa kangge mahyakaken budipekerti, inggih menika kados mekaten.

1) Ringgit purwa ingkang wosipun asipat drama utawi sandiwara, nggadahi cara mahyakaken budipekerti, mliginipun kanthi cara sinandhi. Liripun, sinaosa wonten perangan-perangan ingkang saged kangge mahyakaken budipekerti kanthi cara melok (*vulgar*), nanging langkung nengenaken cara-cara ingkang asipat dramatik lan simbolik.

Asipat dramatik, inggih menika kanthi aluring cariyos ing meh saben lampahan, paraga-paraga satriya ingkang awatak luhuring budi (sae), sinaosa manggih rubeda nanging ing tembenipun badhe manggih kamulyan. Suwalikipun, paraga-paraga ingkang awatak angkara murka badhe manggihi katiwasan. Korawa cacah satus lan Sengkuni tembenipun saged katumpes dening para Pandhawa gangsal. Dasamuka ingkang adigang-adigung-adiguna lan badhe nggonjak kasucenipun Wara Sinta, ing tembenipun saged katumpes sawadyabalanipun, lan Dasamuka saged karingkus kafenjara wonten ing gunung Somawana salamining gesang. Ing lampahan *Pandhawa Dhadhu*, Dursasana ingkang badhe mrawasa nggonjak kasucening Drupadi, ing tembenipun kapejahan dening Werkudara lan rahiipun kangge siram jamas Drupadi. Ing lampahan *Sumantri Ngenger*, Sumantri ingkang tegel mejahi Sukrasana, rayinipun, ing tembe pejahipun ugi amargi

sampun dipuntengga yitmanipun Sukrasana. Ing lampahan *Somba Juwing*, Somba, sinaosa putraning Prabu Kresna, awit saking tindak sedheng laku jina kaliyan garwanipun Prabu Sitija Narakasura, pungkasanipun kapejahan kanthi kajuwing-juwing kuwandhanipun dening Prabu Sitija. Ing lampahan *Kasetyanipun Dewi Sawitri*, sasampunipun Bambang Wirawan, garwanipun, pejah, Sawitri lajeng nglampahi mertapa tanpa kendhat, nyuwun dhumateng Dewa supados Wirawan dipungesangaken malih. Makaping-kaping Sawitri pikantuk nugrahaning dewa, nanging Sawitri tetep kemawon mertapa supados Wirawan gesang malih. Pungkasanipun Wirawan saestu dipunnugrahan i gesang malih. Wonten ing lampahan *Kangsadewa Adu Jago*, Prabu Kangsadewa ingkang badhe nguwaosi negari Mandura lan badhe mejahi Kakrasana lan Narayana, tembenipun kaliyan sawungipun, raseksa Suratimantra, saged kapejahan dening Bima. Lsp.

Asipat simbolik, liripun ringgit menika arupi gambar miring, tegesipun mila boten melok. Pendhapa suwung, ingkang nanggap, dhalang, wayangipun, kelir, blencong, lsp. nggadhahi maknanipun piyambak ingkang gegayutan kaliyan gesangning manungsa lan sambetipun kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaso, sambetanipun kaliyan sesami lan sambetipun kaliyan lingkunganing agesang. Urutan gendhing, urutan adhegan, perang kembang, lsp. pinangka simbol tumrap gesangning manungsa saking lair ngantos sepuh. Perang kembang, inggih menika perangipun satriyatama lumawan Cakil sakancanipun nggamaraken kanthi simbolik inggih menika satriyatama anggenipun tansah saged ngendhaleni hawa nepsu. Soksintena ingkang saged ngendhaleni, meper lan ngawonaken angkara murkanipun badhe kasil manggihi sedyanipun lan manggih kamulyan.

2) Ringgit purwa asung patuladhan kanthi mbabar pilihan-pilihan paraga-paraga kathah ingkang beda-beda watak wantunipun. Ing ringgit purwa, golonganing paraga kenging kaprinci dados sedasa, inggih menika: 1) dewa, 2) ratu 3) begawan, resi lan pendhita, 4) satriya, 5) denawa, 6) paraga putri 7) abdi satriya (panakawan), abdi denawa (Togog, Mbilung), abdi keputren (Limbuk lan Cangik), abdining Begawan kasebat Cantrik, 8) jim setan priprayangan, 9) sato kewan saged tata jalma, 10) senjata lan samukawis ingkang saged tata jalma. Sedaya golonganing paraga menika gadhah watak wantunipun piyambak-piyambak, ingkang padatanipun ajeg. Sinaosa wonten ing lampahan tartamtu saged kemawon awatak beda sekedhik saking watak dhasaripun, nanging lajeng wangsl malih.

Dewa, gajegipun awatak sae, nanging ing lampahan tartamtu saged kemawon klentu (Semar Mbangun Kahyangan, Lairing Wisanggeni, lampahan Begawan Palsu, lsp). Ratu, wonten ingkang satriya-pinandhita, sinatriya, lan ugi wonten ratu raseksa ingkang awon watakipun. Begawan, resi lan pendhita, wonten ingkang watakipun sae, nanging ugi wonten ingkang awon mliginipun begawan palsu. Begawan Abiyasa gajegipun awatak utami. Durna, wonten ing lampahan tartamtu awatak utami, nanging ugi kathah ingkang nglampahaken watakipun ingkang kirang sae, mliginipun sasampunipun lampahan Dewa Ruci. Satriya, kathah-kathahipun awatak utami. Nanging utaminipun ugi beda-beda satunggal-satunggalipun. Pendhawa cacah gangsal menika werni gangsal watakipun. Para Kurawa, mesthinipun sinatriya, nanging amargi salah asuh lajeng ngumbar angkara murka. Harya Suman (Sengkuni) mesthinipun sinatriya nanging awatak culika.

Denawa, kathah-kathahipun awatak awon. Nanging ugi wonten denawa ingkang sae, kados ta Kumbakarna, Sukrasana, Kalabendana, Bagaspati, lsp. Denawa saged kaperang dados kalih, inggih menika ingkang nggadhahi riwayat gesangipun (cetha sinten rama lan ibunipun) lan denawa ingkang boten nggadhahi riwayat gesangipun. Denawa ingkang pungkasan menika boten dipunmangertosi sinten rama lan ibunipun. Denawa menika namung pinangka simboling hawa lan nebsu, kados Cakil Gendring Penjalin sakancanipun.

Para paraga putri, wonten ingkang awatak utami, nanging ugi wonten ingkang boten sae. Sarpakenaka, rayinipun Prabu Dasamuka, awatak boten sae. Banowati, prameswarinipun Prabu Duryudana awatak lemer, boten setya ing garwanipun, langkung tresna dhateng Janaka. Dwi Renuka, garwanipun Jamadagni boten setya ing garwa, kepencut dhateng bagusipun Citrarata. Garwanipun para Pandhawa limrahipun awatak utami.

3) Ringgit purwa, mbabar budipekerti kanthi cara melok. Sinaosa sipatipun ringgit menika namung wacucal, nanging tindak-tanduk ingkang alus lan kasar dipunbedakaken. Menapa malih magepokan kaliyan bab antawecananipun, inggih menika taksih ngugemi undha-usuk lan adat sopan-santun Jawi. Mila lajeng ketawis pundi ingkang satriya lan pundi raseksa.

Kejawi saking menika ing saben adegan nggadhahi pirembagan ingkang meh sedaya kawontenaning agesang saged karembag, lan ing pirembagan menika ngewrat tuntunan ngengingi budipekerti.

Ing adegan sepisan, ingkang karembag babagan politik negari. Ing mriku asring sanget kaseselan amanat ingkang arupi sindiran, pesen, utawi menapa kemawon ingkang asipat riil, kedadosan ing masyarakat jaman samangke, upaminipun bab korupsinipun para pejabat, pejabat ingkang tindak serong, lsp.

Ing adegan Gupitmandragini, sang raja pinanggihan kaliyan prameswari, ngantos minggah ing sanggar palanggatan, saged kemawon dipunseseli babagan budipekerti ingkang gayutipun kaliyan Gusti Ingkang Maha Kuwaos.

Ing adegan Limbukan, paraga Limbuk lan Cangik, limrahipun pirembagan ngengingi babagan kawanitan ingkang kados kalimrah dumados ing masyarakat jaman samangke. Mila ugi saged ngrembag bab tindak sedheng, bab negatif lan positifipun ngadisalira ing salon, bab negatifipun arisan ibu-ibu, babagan nyandhang ngangge, ekonomi kulawarga, lsp.

Ing adegan prampogan, utawi perang ampyak (Surakarta) saged kemawon dipunrembag ngengingi sambetipun gesangsa manungsa kaliyan lingkungan wana, babad wana, lsp.

Semanten ugi ing adegan gara-gara. Paraga Semar, Gareng, Petruk lan Bagong saged kemawon pirembagan babagan punapa kemawon ingkang trep kaliyan kawontenaning masyarakat jaman samangke, ingkang gayutipun kaliyan babagan budipekerti ingkang magepokan kaliyan sesambetaning sesami, saking masyarakat tingkat dhusun ngantos ing bebrayan ageng tingkat negari. Tumraping dhalang ingkang mila kendel lan remen babagan politik, lan kawontenaning para pejabat, asring kemawon maringaken amanat bab budipekerti ing politik lan paprentahan kangge para pejabat. Menawi dipun tanggap wonten ing ndhusun, ugi saged dipuntrepaken kaliyan dhusunipun ingkang nanggap.

Ing adegan pertapan, satriya dipunwejang dening pendhita, saged dipuniseni wejangan-wejangan ingkang melok, ingkang magepokan kaliyan tindak-tandukipun para mudha, saking bab pasrawunganipun kaliyan sesami mudha, ngantos babagan kawruh seserepan filosofis ingkang lebet, kepara ugi babagan agami. Ing adegan menika saged